## Woote waxtaan

## Mbootayu Ndakaaru ci Tekki «  Afrig ak Teraangaam »

## (CEYTU DTS – NYU – Aby Dhabi)

## 29i Oktoobar – 1i Noowàmbar 2026 Abu Dhabi, Emirats arabes Unis

## Turu ndaje mi : Ndajem Tekki ci Ndakaaru: « Afrig ak Teraangaam »

**AAJAR :**

> « Bàkku Tekki [….] mooy màggal barriwaayu làkk ak seeni yamaale. Loolu di diiŋat tekki ci àdduna bu jëflanteek ñu yamul. Dina fàttali ne jubluwaayu tekkikaat, ci doxalinam, ak taalifam, loolu dina sos jàppante ak i ndaje ci seddoo niteef ».
>
> — **Suleymaan Basiir Jaañ**

> « Sooy saafara jafe-jafe yi, jaaraleko ci anam bu dul tekke, di wëlbati te di àttee, di ma jox. Damay toppato tekki yi am njariñ te dëgëral ko ci xeex, di ko def ni ab yoonu diiwaan. Xeex bii nag day wone nit ñi, jaar-jaar yi, xew-xew yi, ak yëg-yëg yi ci wàllu dundinu mbootaay. Duma ko def ngir mat-sëkk, waaye ngir yëngal làkk yi yor doole ak jaar-jaar yi ñu gën a xam, yi ñuy jëfandikoo ngir jang walla tàggat xel ».
>
> — **Richa Nagar**

**SABAAL :**

Ndaje  mu njëkk mi ci wàllu tekki ci Ndakaaru : « Afrig ak ñi nekk bitim réew (DTS), mbir la moo xam ne moo njëkk ci jéego ci Dalub tekki, Bind ak Njàngat bu Jàngune Asaan Sekk bu Siggicoor, amoon na ca atum 2022 ci Jàngune Seex Anta Jóop bu Senegaal,  bokk liggéey ci Afrig ak njàngub dindi mbéefeer ak lëkkaloo ak njàngum àllub yoon ci wàllu xeet ci àdduna bi ca Jàngune Rutgers (Etazini). DTS dafa yombaloon waxtaan yu xóot ci ëllëgu xam-xami doomi aadama, di jàppale ndajeem àdduna ci biir askanu bitim réew bu ñuul bi ak fu ko raw. Ci yoon woowu, ñaareelu yoonu ndaje mi bu ñu tudde « Afrig ak ñi fekk baax Afrig ca bitim réew **»,** (DTS-Accra), amoon na ca Jàngune bu Gana, Accra, ci 3i ba 6i suwe 2024.

Ñi bokkoon ci mbooloo ma waxtaane nañu ci lu xóot ay wëppa yu am solo , niki làkk, mboor, ay sartu xalaat, jangu dencu téere yi, wone aada, yengu-yenguy mbooloo, ak dundinu ñi nekk bitim réew, loolu lépp ci mbooloo àdduna. Ndaje mi dafa jëfandikoo woon liggéey yu Ngũgĩ wa Thiong'o ci teereem, ngir gën a xam àdduna bi yépp, di soppi te di ko soppi, dundin i doomi Afrig ak ñi nekk bitim réew.

Ñetteelu yoonu Ndaje ci tekki bu Ndakaaru tey am ci NYU Abu Dhabi, di « Afrig ak Teraangaam », dina sargal Abu Dhabi (Emirats Arabi), di dëkk bu am doole tey muñ, buy ubbiku ci lëkkëlook wa àdduna bi. jàmmaarlook jafe-jafe politig nekk na léegi dëgg - dëgg ci Afrig ak yeneen réewu bëj-saalum yi. Ndaje tekki bu Ndakaaru, dina yor bataxaalu muñ ci kanamu tawat ak jàxle, te bëg nanu wéy, di liggeey ngir am coppite bu rafet, ci dimbali teraanga diwaan bi. Ci xalat bi, Edisioŋ DTS-NYU-Abu Dhabi mi ngi bëgg dolli te yaatal liggéeyam ak « Dalub Tekki, Bind ak Njàngat bu Asaan Sekk » (Jàngune Asaan Sekk bu Siggicoor), NYU Abu Dhabi, ak « Ceytukaayu jangu Afrig ak dindi mbéefeer bi» (UCAD). Benn bërëbu jang (Buntu ndaje ak xam-xam) walla teewlu, li doon jikko gu yiw ci jamono yu metti yi. Sunu yitte mooy wàññi doole jikko yi nekk léegi ci gëstu làkk yi, dellusi ci teraanga, ngir mu doon jumtukaay bu am solo ci tabax ay jokko-jokko ci diggante mboolaay yi ak taxawal dëggu gu gën ci diggante doomi aadama yi. Ci ndimbalu mbindi Richa Nagar lañu tekkale ndaje mii, ngir sàkku ci kàddug majlis ak karam, tekkiy Hengry : « Relearning the World Through Radical Vulnerability » ak bu Suleymaan Basiir Jaañ, « From Language to Language: The Hospitality of Translation».
Liggéeyu Nagar mi ngi joxe benn segg bu xóot ci tekki, di liggéey bu am doole te gàddu politig te mën a soppi dundin yi ak nettali mbooloo yi ba xirtal leen ci xeeti xam-xam bu rëbb. « Ci wetu loolu, Suleymaan Basiir Jaañ, di waxtaan ak Assil Mbembe ci téere bi tudd From *language to language*, dafa wax ne : «Mbéefeer bi moo yam ak benn lakk», lii di firndéel njarinu tekki-tekki ci diggante làkk yi ak làkk yu bari, ngir mu doon jokkoo bu dëggu ci àdduna bi, ak jëflante xalaat yi, cosaan yi ak aada yi. Ndaje mi ngi fekkee it ne, diiwaan bu nekk ci bitim réew, am na yoonu teraanga. Téere Abdelkebir Khatibi bi, *Maghreb pluriel*, dafa joxe, ci misaal, ag nattukaay bu bëj-gànnaaru Afrig ci wàllu tekki) ni benn barab bu xel yi di wër ci wàll yu bari, di dugal ay làkk ak ay xalaat yu bari yu mën a yengal xalaat yi orientalist ci « Maghreb » ni benn dëkkub raññee. Ci féeteel gëm-gëm yi ci lii, ci biir *Atlantic Communities: Translation, Mobility, and Hospitality*, mbootaay gi ngi nangu wone nan la teeru « keneen » ci làkk mën a sos ay lëkkaloo yu dindi mbéefeer yi ci wàllu Afro-Atlantik ak géeju IIND. Xalaat yii ñoo dëgër ci ne teraanga ci tekki dëgg-dëgg, loolu jëf la bu taxaw ci gën a feñal li dëgër, ndax dafa nangu xam-xam ak aada yu dëgër tey takku ci jëf, te du nangu nékk ay kàttan yu dëgër, ci tànn ay jëmmante ak jëfante. Ci wàllu majlis ak karam, mbootaay gi ngi tàkk a bàyyi xel ci waxtaan yii, yi romb digy yoon yi, ci woo ñi toog ci waxtaan yii, ci wàllu tékki ak xalaat ci wàllu teraanga ak lëkkaloo ci biir wàllug làkk ak aada yu wuute yii.

Ngir Jëmal sunuy waxtaan, ñetteelu edisioŋ ci Ndaje tekki Ndakaaru bu NYU Abu Dhabi, di waxtaanu "Afrig ak teraangaam", buñuy tëjeek xew – xewu tàggat.
"Ñu ngi woo ci joxe ay njañse yu tektal « Teraanga » ci biir suñu majlis yi, tey gëstu Karam niki ay xeex yu am solo te di jëmmub xam-xam bu ñu séddoo, ab bërëb bu yëngu bo xam ne fa, ab Selebe-yoon bu am solo, fu aada ak xalaatu Gòlf bi ak yu Afrig di dajee. Te teewul, wëppa yi ñu jortu nañu tàkk, duñu ko yamale ci yi:

- ✧ Mboolaayum sàmm-gan ;
- ✧ Ci teraangay làkk yi ;
- ✧ Ci njàmburum làkk ;
- ✧ Ci téranga ci biir téere ;
- ✧ Teraangay mboolaay : ci Ubuntu ak Téranga ;
- ✧ Ay xarala cepeteŋ ak aada yëre ci biir teraanga,
- ✧ Teraanga ak sañ-sañu wéeru ;
- ✧ Teraanga ci gis-gisu politigu réew yi ak diggante réew yi ;

- Teraanga ci jëndante ak jaayante ;
- Teraanga ak aaday lamisoo;
- Teraanga ak njàngatum àdduna bi ;
- Yërmande ak cofeel ci wàllu tekki ;
- Néew-doole gu tar ;
- Tekki, ngir génn xeet ak lënk bu bés ;
- Teraanga Afrig ak i selebe yoonam ;
- Wàññeku teraanga mbootaay ;
- Weet gu tar ngan
- Tekki xiif ;
- Tekki xeet ;
- Ci dëgg-dëggu njaatige ak gan ;
- Tekki aada yi ci wuutante ci wàllug aada ;
- Njàngum mboolem suuxat ak teraanga ;
- Njàngum sinemaa ak teraanga ;
- Nataal-bind ak teraanga ;
- Teraanga ci leeru xalaatu jigéen ;
- Ndimbal ak teraanga ci diggante goor ak jigéen,
- Dig yi ci kanamu ndajeek teraanga ;
- Njariñu teraanga ci nit ñu ñuul ñi dund bitim réew ;
- Njàngune ak teraanga ;
- Teraanga ci wàllu xam-xam ;
- Teraanga ci bëgg-bëggu dindi mbéefeer ;
- Tekki ak teraanga : ci kër gi ak ci suufum jamono bitim réew ;
- Wër xam-xam, jumtukaay, ak njàngale mi ci lëkku teraanga gi ;
- Teraanga ci wàllu jigéen/goor ;
- Taariixu tukki-kat yi ngir xeex baayi teraanga ;
- Xoolu teraanga ci ndono, ak « Ndono àdduna » ;
- Teranga ci jamonoy xarala yu bés yi ;
- Ci biir mbooleem réewu-Atlaantik ;
- Wax, teeru ak nettali taarix yi ;
- tàkk gi ak géej gi niki ndénnéeri teraanga ;
- Xalaatu teraanga ;
- Xam-xamu teraanga ;
- Lafañ ak paj niki melokaanu teraanga ;
- Xeex xeet : teranga niki ñàkk ;
- Teraanga ci wàllu diine ;
- Teranga ak mbindi yu sell yi,
- Aada lislaam ak teraanga ;
- Tukki ak teraanga ;
- Mbokku mbaar niki melokaanu teraanga ;
- Xare, gàddaay ak teraanga ;
- Teraanga ci jëf ;
- Dogal ak wàññiku ginnaaw mbéefeer ;
- Dindi mbéefeer ak teraanga ;
- Ndimbalu bànxaas niki melokaanu teraanga.

**TEGTAL CI YOONE WAX YI :**

Lakk yi ñuy wax ci ndaje mi: Araab, Àngale, Faraase, Portigees, Swahili ak Wolof.

Ñu ngi ñaan bindkat yi, ñu yoone ab tënk bu am leeral, ci (250\) baat lu mat walla lu ko ëpp, ak taariixu dundin bu tollu ci \(100\) baat, ak seen book ci këru xam-xam, ak seen adres imee, loolu war na sooti, ci àpp 15i  Suwe 2026.Yoone yi war nanu  àggandoo ci yoon :
sim9701@nyu.edu (Sara MUSAIFER)

ma6896@nyu.edu (Muneera Al-KHALIFA)

**ARMINAAT:**

- **15 Sulet 2026 :** Yëgle nangu gi ñu nangu tënk yi
- **15 Sebtàmbar 2026 :** yoone mbind yi mujj
- **Melokaan :** Mbind yi waruñu ëpp (5000\) baat (mots), te duñu ko mbindé (Police) lu dul Times New Roman, (12) tomb, diggante bi luy sintere.
- **Kàddu yi :** Kàddu bu nekk war naa mën a doon ci \(15\) ba \(20\) simili
- Ngir bépp laj bu jëm ci lootaabe bi, jokko leen ak :

gap215@nyu.edu (Gregori PARDLOO “Gregory PARDLO”)

baba.badji@rutgers.edu (Baaba BAAJI “Baba BADJI”)

b.diouf@univ-zig.sn (Babukar JUUF “Baboucar DIOUF”)

amina@siniyaresearch.africa (Amina BELGITI “Amina BELGHITI”)

saliou.dione@ucad.edu.sn (Saliwu JON “Saliou DIONE”)